

LIBIDO SEKSUAL SAJRONE CERBUNG KEDLARUNG ANGGITANE ISMOE RIANTO

(Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud)

NOVI DWI SETYOWATI

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Setyowatinovi2@gmail.com

ABSTRAK

Kabeh manungsa mesthi nduweni *libido* ing dhirine. *Libido* mujudake dorongan seksual kang ana ing manungsa wiwit lair. *Libido* ing bebrayan Jawa pranyata narik kawigaten pengarang dilebokake minangka prakara sajrone karya sastra. Salah sawijine karya sastra kasebut yaiku cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto. Adhedhasar andharan kasebut, cerbung *Kedlarung* iki narik kawigaten kanggo diteliti mawa tintingan psikoanalisis Sigmund Freud. Uneran panliten iki yaiku kepriye (1) struktur kapribaden (2) penyebab anane *libido* seksual (3) wujud *libido* seksual (4) mekanisme pertahanan ego (5) akibat anane *libido* seksual.

Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake (1) struktur kapribaden (2) penyebab anane *libido* seksual (3) wujud *libido* seksual (4) mekanisme pertahanan ego (5) akibat anane *libido* seksual. Dene paedahe panliten iki, yaiku nambahi kawruh tumrap pamaca sarta asile panliten iki diajab bisa kanggo tetandhingan panliten sabanjure.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku tintingan psikoanalisis Sigmund Freud. Dene metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif kualitatif kanthi pendekatan psikologi. Sumber dhata arupa cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto. Dhata panliten iki yaiku tembung lan ukara sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto. Dene tata cara ngumpulake dhata yaiku kanthi teknik waca lan cathet. Tata cara ngandharake dhata digunakake metodhe dheskriptif analisis kanthi tintingan psikoanalisis Sigmund Freud.

Asile panliten iki kaperang dadi papat. (1) Struktur kapribaden miturut Sigmund Freud yaiku *id*, *ego* lan *super ego*. Paraga Dias pranyata luwih nengenake *id*. (2) Wujud *libido* seksual kaperang dadi loro yaiku *libido ego* lan *libido objek*. *Libido* kang disandhang dening paraga Dias yaiku *libido objek*. (3) Penyebab anane *libido* seksual ana loro yaiku wong tuwa kang kurang wigati lan kena godha priya. (4) Mekanisme pertahanan ana telu peranan yaiku *represi* dibuktekake paraga eling marang tumindake lan tetep ing alam sadhar, *reaksi formasi* dibuktekake paraga kang nglawan anane kadurjanan, *fantasi lan stereotype* dibuktekake paraga mbayangake pepenginan kanthi makaping kang ora nduweni piguna (5) Akibat anane *libido* seksual kaperang dadi lima yaiku paraga wani tumindak sedheng, ngapusi kanggo nutupi wewadine, tumindake ndadekake kembang lambe ing tangga kiwa tengene, wani nggugurake kandhutan, lan anane tindak dagsiya sajrone bale wisma.

Tembung wigati: *Libido*, Seksual

PURWAKA

Landhesan Panliten

Karya sastra wujud maneka warna, salah sawijine yaiku prosa. Prosa uga sinebut fiksi, teks naratif, utawa wacana naratif (Nurgiyantoro, 2013:2). Tegese fiksi yaiku crita rekaan utawa crita khayalan. Kabeh iku disebabake amarga fiksi yaiku karya naratif kang bener-bener kadadeyan (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2013:2). Miturut Altbernd lan Lewis (sajrone Nurgiyantoro, 2013:3), bisa ditegesi yen prosa naratif iku nduweni sipat imajinatif, nanging bisa dinalar nggawe pikiran lan ngandhut kabeneran kang dramatis antara manungsa. Miturut Endrasawara (2013:89) karya sastra minangka gegambarane masyarakat nalika wektu iku. Karya sastra

dhiripta dening pangripta kanggo sarana dhokumentasi lan komunikasi antarane pangripta lan pamaos. Wujud karya sastra kang isih ngrembaka nganti saiki kayata cerita sambung utawa cerbung.

Cerbung minangka salah sawijine karya sastra prosa. Cerbung nduweni alur cirta kang dawa kayadene novel. Cerbung minangka awal saka pangrembakane karya sastra modern kang kapacak sajrone kalawartai lan koran (Hutomo, 1975:5). Cerbung mujudake sawijining karya sastra rekaan utawa khayalan, sipate fiksi..

Sawijine pangripta kang kerep nulis cerbung ing kalawarti Jawa yaiku Ismoe Rianto. Ismoe Rianto wiwit ngripta ing antara periode 1970-an. Ismoe Rianto salah sawijine mantan polisi iki mujudake pangripta kang

produktif. Asil reriptane kerep kapacak ing kalawarti Jawa, kaya naskah drama, cerkak, lan cerbung. Salah sawijine cerbung reriptane Ismoe Rianto kang kapacak ing kalawarti Jawa yaiku *Kedlarung*. Cerbung *Kedlarung* kapacak ing kalawarti Panjekar Semangat taun 2016 kanthi makaping-kaping *episode*.

Cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki nuwuhake pitakon-pitakon tumrap pamaos. Prakara kang disandhang dening paraga Dias nyebabake kajiwane owah. Para pamaos bisa kagawa rasa *emosional* amarga sipat kang disandhang dening Dias, beda karo paraga-paraga ing cerbung liyane kang nuwuhake rasa seneng marang sipate. Paraga Dias wanita kang uripe tansah gegandhengan kaliyan wong lanang..

Cerbung anggitane Ismoe Rianto iki mujudake cerbung kang nggambarake karakter para paraga kang uripe tansah kebak babagan *seksualitas*. *Seksualitas* kang ana sajrone crita iki utamane dialami dening paraga utama Dias. *Seksualitas* kang ana sajrone cerbung iki wis diwiwiti awit *edhisi* siji. *Edhisi-edhisi* sabanjure uga nyritakake babagan *seksualitas* kang padha yaiku andum tresna kang ditindakake dening Dias lan wong lanang liya.

Seksualitas yaiku kabeh pangrasa lan tumindak kang gegayutan kaliyan seks lumantar *biologi* utawa sosial (Bandel, 2006:149). *Seksualitas* kang ana sajrone crita sambung iki kaya dene ing kanyatan. Semana uga watak paraga, uga slaras kaliyan kanyatan. Mula saka kuwi, cerbung iki narik kawigaten gawe diteliti supaya bisa mangerteni kahanan psikologise paraga utama kang aran Dias. Panliten iki kalebu panliten psikologi sastra. Miturut Atkinson (sajrone Minderop, 2013:3) psikologi yaiku ilmu jiwa kang nyinaoni kahanan lan tumindake manungsa. Saka andharan kuwi bisa dingerteni yen psikologi lan sastra ana sesambungane. Paraga lan tumindake mujudake sawijining unsur karya sastra kang dadi bakal panliten psikologi sastra. Miturut Endraswara (sajrone Minderop, 2013:59) psikologi sastra yaiku interdisiplin anatarane psikologi lan sastra.

Panliten psikologi sastra iki nganut teori psikoanalisis Sigmund Freud. Bab seksualitas kang disandhang dening paraga utama Dias, trep kaliyan teori psikoanalisis Sigmund Freud. *Seksualitas* kang ana sajrone dhirine Dias ana saka jero atine lan wis dadi pepingane. Pepingan *seksualitas* Dias iki miturut teori psikoanalisis Sigmund Freud bisa diarani libido sesksual. Freud (sajrone Schultz, 2016:60) ngandharake *libido* yaiku wujud energi psikis kang diwujudake kaliyan insting, uga nyengkuyung anggone nglakokake tumindak lan pamikiran kang nyenengake.

Libido mujudake energi mental kang diwujudake kaliyan insting hidup. Insting hidup yaiku dorongan kanggo mastekake kelangsungan urip kanthi cara muasake kabutuhane yaiku pangan, hawa, banyu, lan seks. Sajrone cerbung *Kedlarung* iki, cara kang digunakake Dias kanggo muasake awake yaiku lumantar seks. Teori psikoanalisis Sigmund Freud digunakake nganalisis paraga utama kang nduweni insting seksualitas kang diwujudake lumantar tumindake.

Kajian psikoanalisis Sigmund Freud ngrembug telung jinis kapribaden sajrone jiwane manungsa yaiku

id, *ego* lan *super ego*. Telung jinis kapribaden iki bisa aweh pambiyantu anggone ngonceki *libido* seksual. Saliyane *libido* seksual, *mekanisme pertahanan* uga digunakake sajrone panliten iki. Minderop (2013:29) ngandharake *mekanisme pertahanan* kadadéyan amarga anane dorongan utawa pangrasa kang digunakake kanggo nggoleki objek pengganti. Kanggo ngonceki karya sastra iki, bakal nggunakake tintingan psikologi sastra kanthi konsep psikoanalisis Sigmund Freud. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, cerita sambung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki ditintangi kanthi irah-irahan “*Libido Seksual sajrone Cerbung Kedlarung Anggitane Ismoe Rianto (Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud)*”.

Underan Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing dhuwur , banjur underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye struktur kapribaden sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto ?
- 2) Apa penyebab anane *libido* seksual sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto?
- 3) Kepriye wujud *libido* seksual sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto ?
- 4) Kepriye mekanisme pertahanan *ego* sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto ?
- 5) Apa akibat anane *libido* seksual sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto?

Ancase Panliten

Adhedhasar underaning panliten ing dhuwur, panliten iki nduweni ancas yaiku:

- 1) Ngandharake struktur kapribaden sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto.
- 2) Ngandharake penyebab anane *libido* seksual sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto.
- 3) Ngandharake wujud *libido* seksualitas sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto.
- 4) Ngandharake mekanisme pertahanan *ego* sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto.
- 5) Ngandharake akibat saka anane *libido* seksualitas sajrone cerbung *Kedlarung*.

Paedahe Panliten

Saben panliten mesthi nduweni paedah kang bisa dijupuk. Paedah kang bisa dikarepake saka panliten iki yaiku:

- 1) Tumrap studi sastra, dikarepake bisa ngrembakakae bab telaah sastra mligine ngenani psikologi sastra.
- 2) Tumrap pamaos, panliten iki dikarepake bisa nggampangake pamaos anggone mangerteni isine cerbung *Kedlarung*.
- 3) Tumrap piwulangan, panliten iki dikarepake bisa digunakake minangka bahan ajar ngenani sastra ing sekolahan.
- 4) Tumrap panliten, bisa nambahi referensi tumrap panlitene.

Wewatesane Tetembungan

- 1) **Libido Seksual**
Libido mujudake energi mental kang diwujudake kaliyan insting hidup (Freud sajrone Schultz, 2016:60). Seksualitas yaiku kabeh pangrasa lan tumindak kang gegayutan kaliyan seks lumantar *biologi* utawa *sosial* (Bandel, 2006:149).
- 2) **Mekanisme Pertahanan Ego**
Minderop (2013:29) mekanisme pertahanan bisa kadadeyan amarga anane pangrasa kang beda kang nyengkuyung nggolek objek liyane.
- 3) **Psikoanalisis Sigmund Freud**
Konsep wiwitan Freud yaiku merang kepribadian dadi telung perangan yaiku sadar, prasadar, lan tak sadar. Banjur Freud ngenalake telung unsur liyane yaiku *id*, *ego* lan *superego*.
- 4) **Psikologi Kapribaden**
Alwisol (2014:1) teori psikologi kapribaden nuwuhake konsep-konsep kayata dinamika pengaturan tindak tanduk, pola tindak tanduk, model tindak tanduk, lan pangrembaka reportir tindak tanduk, sajrone ngurangi klompeksitas tindak tanduke manungsa.
- 5) **Psikologi Sastra**
Miturut Endrasawara (sajrone Minderop, 2013:59) psikologi sastra yaiku *interdisiplin* antarane psikologi lan sastra.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sastra mligine psikologi sastra wis akeh ditemoni. Panliten saemper kang wis ditindakake, kaya ing ngisor iki.

- 1) Skripsine Ria Diana Wati (2008) kanthi irah-irahan *Seksualitas dalam Novel Garis Tepi Seorang Lesbian Karya Herlinatiens*. Adhedhasar panliten kasebut, bab andharan dijlentrehake ngenani *sexual desire*, *relasi seksual* tumrap perkawinan *hetero*, lan *maskulinitas*.
- 2) Skripsine Oktivita (2009) kanthi irah-irahan *Perilaku Seksual dalam Novel Saman karya Ayu Utami : Tinjauan Psikologi Sastra*. Adhedhasar panliten kasebut, panliti nemokake tumindak seksual yaiku *immoralitas* utawa *promiscuity*, *biseksual*, *perzinaan*, *zoofilia*, *masturbasi* lan ruda peksa.
- 3) Skripsine Galih Rakhmadi (2010) kanthi irah-irahan *Seksualitas Laki-Laki dalam Novel Vita Sexualis karya Mori Ogai*. Adhedhasar panliten kasebut, panliti merang dadi telung perangan. Tahapan infantil, tahapan laten, lan tahapan genital. Tahapan infantil, paraga utama kepengin mnagerteni wawasan kang gegayutan kaliyan seks. Tahapan laten, paraga utama bisa luwih mangerteni ngenani seksualitas. Tahapan pungkasan, yaiku tahapan genital. Paraga utama nuduhake gejala aseksual wiwit masa laten, kanthi ora sengaja hasrat seksual balik lumantar turu kaliyan wanita panggoda.

- 4) Skripsine Helmi C. Shabana (2013) kanthi irah-irahan *Seksualitas Tokoh Sidharta sebagai Jalan Religiositas dalam Novel Sidharta karya Herman Hesse*. Adhedhasar asile panliten kasebut, panliti nemokake 3 motif dhasar tumindak seksual manungsa, yaiku seksualitas minangka *pelarian*, seksualitas minangka *ketergantungan*, lan seksualitas minangka kabutuhan.
- 5) Skripsine Pradina Aprillia Setyaningrum (2014) kanthi irah-irahan *Abnormalitas Seksual Tokoh dalam Kumpulan Cerpen Cerita Pendek tentang Cerita Cinta Pendek karya Djenar Maesa Ayu*. Adhedhasar asile panliten, panliti nemokake 3 golongan kang dadi dhasar abnormal yaiku adhedhasar dorongan seksual kang abnormal, adhedhasar *partner* seks kang abnormal, lan adhedhasar cara-cara kang abnormal sajrone muasake seksualitas.

Panliten iki beda karo panliten-panliten sadurunge. Panliten sadurunge mung ngandharake ngeani gegambaran seksualitas, nanging ing panliten iki munjer marang *libido* seksual. Panliten iki bakal ngonceki wujud *libido* seksual sarta akibat kang dituwuhake, sarta struktur kapribaden lan mekanisme pertahanan *ego* kang nyengkuyung anane *libido* seksual. Kanggo ngoceki babagan kasebut panliten iki nggunakake teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Sastra lan Psikologi

Sastra minangka sawijine gegambaran saka pengalamane manungsa kang diwujudake sajrone karya sastra lumantar basa kang dadi pirantine. Endraswara (2008:97) ngandharake yen karya sastra iku ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Endraswara (2008:96) ngandharake, psikologi sastra yaiku kajian sastra kang nduweni pamawas karya sastra minangka aktivitas kajiwaan. Psikologi sastra ora mecahake prakara-prakara psikologis. Miturut Endraswara (sajrone Minderop, 2013:54) tujuan psikologi sastra kanthi definitif yaiku njabarake aspek-aspek kajiwaan kang ana sajrone karya sastra.

Teori Psikoanalisis Sigmund Freud

Freud nduweni kayakinan konflik seksual yaiku dadi sebab utama saka sakabehane prakara neurosis. Freud nyimpulake fantasi kang digambarake pasiene krasa nyata.

Freud ngrembakakake metode psikoanalisis yaiku problem kajiwa kang dialami para pasien sumber akare saka pengalaman nalika cilik nduweni problem kaliyan seksual. Konsep wiwitan Freud merang kapribaden dadi telung perangan yaiku sadar, prasadar, lan tak sadar. Ing taun 1923 Freud ngenalake model struktural kang beda yaiku *id*, *ego*, lan *super ego*.

Struktur Kapribaden

Freud mbangun struktur kapribaden dadi telung struktur. Telung struktur kapribaden kasebut yaiku *id* utawa aspek biologis, *ego* utawa aspek psikologis, lan *super ero* utawa aspek sosiologis.

Id

Id yaiku sumber insting lan *libido*. Kerjane *id* diimbangi kaliyan prinsip kesenangan lumantar fokus kang ngurangi tekanan, *id* nduweni paedah kanggo ningkatake kasenangan lan ngindari rasa lara. *Id* yaiku sistem kepribadian kang asli, digawa wiwit lair. *Id* amung mangerteni kapuasan kanthi *instan*. *Id* kang nyengkuyung kita nglakokake apa wae kang kita pengini, lan ora mikirake apa kang dipengini liyan. *Id* yaiku egois, struktur kang nggoleki kasenangan, primitif, amoral, kukuh, lan gegabah.

Operasi id adhedhasar prinsip kenikmatan (*pleasure principle*) yaiku usaha kanggo nggayuh kenikmatan lan ngindar saka rasa sakit (Alwisol, 2014:14). *Id* ora nduweni kesadaran ngenani fakta. Sawijining cara kang digunakake *id* bisa muasake kabutuhan yaiku kanthi tumindak kang refleksi lan halusinasi utawa pengalaman khayalan. Freud menehi aran minangka proses pikiran primer (Freud sajrone Schultz, 2016:62). Andharan ngenani *id* sajrone panliti beda-beda, nanging ngemu makna kang padha. Ratna (2012:63) ngandharake yen *id* yaiku kepinginan-kepinginan primitif kang kudu dituruti, kayata *libido*. *Libido* yaiku wujud energi psikis kang diwujudake kaliyan insting, uga nyengkuyung anggane nglakokake tumindak lan pamikiran kang nyenengake

Ego

Ego ngrembaka saka *id* supaya bisa kena ngenani realita. Tujuwan *ego* ora amung nolak impuls *id* nanging aweh pambiyantu *id* ngurangi tekanan (Schultz, 2016:62). *Ego* nyadari kanyatan, *ego* mutusake kapan lan kepriye insting *id* bisa dipuasake. *Ego* nemtokake waktu, papan panggonan, lan objek kang slaras lan bisa ditampa umum kanggo muasake impuls *id*.

Ego ora nyegah kapuasan *id*. *Ego* nyoba ngarahake supaya bisa slaras kaliyan kanyatan kang ana. *Ego* nduweni presepsi lan manipulasi lingkungan kanthi cara kang praktis lan realistis kanthi bebarengan kaliyan prinsip kanyatan. *Ego* yaiku eksekutif saka kepribadian, kang nduweni rong tugas utama kapisan yaiku milih stimuli kang kepengen direspon lan insting kang kepengin dipuasake slaras kaliyan prioritas kabutuhan. Kaping pinda yaiku nemtokake kapan lan kepriye kabutuhan iku dipuasake slaras kaliyan minimele peluang.

Super Ego

Super *ego* yaiku kekuatan moral lan etik saka kepribadian, kang nduweni prinsip idealistik lawan saka prinsip kapuasan *id* lan prinsip realistik saka *ego* (Alwisol, 2014:16). Prinsip idealistik nduweni perangan subprinsip yaiku *conscience* lan *ego ideal*. Hakikat super *ego* yaiku wakili nilai-nilai wong tuwa utawa interpretasi wong tuwa genani standar sosial, arupa babagan kang dilarang kanggo anak.

Super ego nduweni sipat nonrasional sajrone nuntut kasempurnan. Anggone ngrontol *id* uga kaya *ego*, yaiku ngalangi utawa mbentengi. Super *ego* nduwe telung fungsi yaiku :1) nyengkuyung *ego* kanthi cara

ganti tujuan-tujuan realistik kaliyan tujuan-tujuan moralistik, 2) mbentengi impuls *id*, yaiku impuls seksual lan agresi kang lawan arus kaliyan standar nilai masyarakat, 3) ngejar kemampuan.

Mekanisme Pertahanan Ego

Freud (sajrone Schlutz, 2016:66) ngandharake mekanisme pertahanan yaiku strategi kang digunakake *ego* kanggo mertahanake awake saka kecemasan akibat konflik. Mekanisme pertahanan *ego* kasebut yaiku represi, sublimasi, proyeksi, pengalihan, rasionalisasi, reaksi formasi, regresi, agresi lan apatis, lan fantasi lan stereotype.

Represi

Tugas *represi* yaiku nyurung metu impuls-impuls *id* kang ora ditampa saka alam sadar lan mbalik menyang alam bawah sadar. *Represi* minangka pondasi cara kerja sakabehane mekanisme pertahanan *ego*. Tujuan saka kabeh mekanisme pertahanan *ego* yaiku kanggo nekanake utawa nyurung impuls-impuls kang ngancem supaya metu saka alam sadar. *Represi* minangka perwujudan saka upaya ngindarri rasa anxitas. Akibat represi, indhividu ningkatake pegalaman emosional lan traumatik ing masa lalune.

Sublimasi

Sublimasi kadadeyan saka tindakan-tindakan kang nduweni piguna kanthi sosial ngganten rasa ora nyaman. *Sublimasi* yaiku sawijine kompromi. *Sublimasi* sejatine wujud pengalihan. Kayata indhividu kang nduweni dorongan seksual kang dhuwur banjur dheweke ngalihake rasa ora nyamane marang tindakan-tindakan kang bisa ditampa kanthi sosial (Minderop, 2013:34).

Proyeksi

Sikap iki ditindakake supaya katon luwih apik. *Proyeksi* kadadeyan yen indhividu nutupi kekurangane lan prakarane kang diadepi dislumurake menyang wong liya. Mangerteni yen sikap iku ora becik ditindakake, nanging sikap kasebut menehi alesan yen wong kasebut pantes nampa tindakan kaya mangkunu. Sikap iki ditindakake supaya katon luwih apik. Mekanisme kang ora disadari kang menehi pangayoman saka kahanan kaya mangkunu sinebut *proyeksi* (Hilgard sajrone Minderop, 2013:34).

Pengalihan

Pengalihan yaiku pengalihan rasa ora seneng tumrap sawijining objek marang objek liyane kang luwih nguntungake (Minderop, 2013:35). Sajrone Schultz (2016:68), *pengalihan* yaiku mekanisme pertahanan kanthi mindahake impuls *id* saka objek kang ngancem utawa saka objek kang ora ana menyang objek kang ana. Kayata ana impuls agresif kang bisa digantekake, minangka kambing hitam, tumrap wong kang dadi objek kasebut, ora minangka sumber frustrasi nanging luwih didadekake sasaran.

Rasionalisasi

Hilgard (sajrone Minderop, 2013:35) ngandharake yen *rasionalisasi* nduweni rong tujuwan yaiku kapisan kanggo ngurangi rasa kuciwa nalika kita gagal anggone nggayuh sawijining tujuwan. Kapinda menahi kita motif kang bisa ditampa kaliyan tumindake. *Rasionalisasi* bisa kadadeyan yen motif nyata saka tumindake indhividu ora bisa ditampa kaliyan ego. Motif nyata kasebut digantekake kaliyan motif pengganti kanthi tujuwan kang bener.

Reaksi Formasi

Sawijining wujud pertahanan tumrap impuls kang ganggu yaiku kanthi aktif nuduhake impuls kang beda. Reaksi formasi bisa nyegah sawijining indhividu nindakake kang bisa ngasilake anxitas lan bisa nyegah sikap antisosial. Kayata wong bisa dadi syuhada kang fanatik nglawan kejahatan amarga anane rasa sajrone alam sadar kang gegayutan kaliyan dosa. Saliyane iku kayata sikap preduli kang banget saka ibu marang anake bisa wae upaya kanggo nutupi rasa ora nyaman marang anake. Sikap kang ora sopan marang wong bisa wae upaya kanggo ndeliakake rasa wedine.

Regresi

Ana rong peranan ngenani *regresi*. Kapisan yaiku *regresi* kang sinebut retrogressive behavior yaiku tumindak wong kang mirip kaya bocah cilik, nangis lan manja supaya antuk rasa nyaman lan kawigaten saka wong liya. Kapinda yaiku *regresi* kang sinebut primitivation yaiku nalika wong diwasa nduweni sikap kaya wong kag ora nduwe budaya lan ilang kontrolle sahingga ora sungkan anggone gelut (Hilgard sajrone Minderop, 2013:38).

Agresi lan Apatitis

Agresi bisa awujud langsung lan pengalihan. *Agresi* langsung yaiku agresi kang diandharake kanthi langsung marang wong utawa objek kang dadi sumber frustasi. *Agresi* kang dialihake yaiku yen ana wong kang nandhang frustasi, nanging ora bisa ngungkapake kanthi puas marang sumber frustasi amarga ora cetha. Apatitis yaiku wujud liya saka reaksi tumrap frustasi yaiku sikap apatis kanthi cara narik dhiri lan sikap pasrah.

Fantasi lan Stereotype

Wektu ngadepi prakara, kadang kala kita nggolek solusi kanthi mlebu sajrone dunya khayal, solusi kang adhedhasar *fantasi* ora realitas. Kayata wong kang lesu bayangake panganan kang enak kanthi ngumpulake potongan gambar saka saperangan hidangan. *Stereotype* yaiku konsekuensi liya saka frustasi, yaiku tumindak stereotype ngetokake tumindak kanthi pengulangan terus-terusan. Indhividu mesthi ngulangi tumindak kang ora migunani lan katon aneh (Hilgard sajrone Minderop, 2013:39).

Libido Seksual

Prakara seks gegayutan kaliyan babagan kepenginan. Kepenginan bisa kalebu sajrone insting

hidup sajrone teori Sigmund Freud. Freud (sajrone Semiun, 2010:69) ngandharake insting yaiku sawijining *representasi* mental saka kabutuhan fisik. Insting bisa ditegesi minangka wujud psikologis saka sumber somatik kang digawa wiwit lair. Wujud psikologis sinebut hasrat.. Hasrat nduweni paedah minangka motif tumrap tindak tanduk, mula insting bisa dingerteni minangka faktor panyengkuyung kapribaden. Perangan insting mituru Freud yaiku insting hidup lan insting mati. Insting hidup yaiku babagan kang digunakake kanggo mastekake kelangsungan urip indhividu lan spesies kanthi muasake kabutuhan pangan, banyu, hawa lan seks.

Babagan kang paling dipunjerake sajrone insting hidup (*eros*) dening Freud yaiku ngenani insting seksual. Tujuwan insting seksual yaiku nuwuhake kanikmatan sajrone dhiri manungsa kanthi ngilangake kahanan rangsangan seksual. Freud (sajrone Semiun, 2010:81), ngandharake sakabehe dhiri manungsa diisi kaliyan *libido*. *Libido* yaiku wujud energi psikis kang diwujudake kaliyan insting, uga nyengkuyung anggone nglakokake tumindak lan pamikiran kang nyenengake. Kennedy (2003:3) ngandharake *libido* yaiku konsep Sigmund Freud ngenani aspek mental saka energi seksual kang dadi dhasar sajrone dorongan seksual.

Landhesan Teori

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku psikoanalisis Sigmund Freud mligine ngenani libibo seksualitas kang diandharake dening Roger Kennedy lan Yustinus Semiun, OFM.

Kennedy (2003:3), *libido* yaiku konsep Sigmund Freud ngenani aspek mental saka energi seksual kang dadi dhasar sajrone dorongan seksual. Semiun (2010:74), libido yaiku stimulasi umum kang nyenengake lan ora amung winates kanikmatan *genital* utawa seksual. Tintingan kuwi digunakake kanggo ngandharake gesehing kajiwane paraga utama, lan meruhi apa bae *mekanisme pertahanan ego* kang diduweni dening paraga utama supaya bisa mungkasi problem kajiwane. Kaya dene kang diandhareke dening Minderop (2013:29), *mekanisme pertahanan* kadadeyan amarga anane dorongan utawa pangrasa kang digunakake kanggo nggoleki objek pengganti.

METODHE PANLITEN

Panliten sajrone cerbung *Kedlarungiki* nggunakake metode deskriptif kualitatif pendekatan psikologi sastra. Dhasare metodhe kualitatif padha karo hermeneutika. Tegese hermenutika, kualitatif, lan analisis isi, sakabehe manfaatake cara-cara kang asile awujud deskripsi (Ratna, 2013:46). Kualitas penafsiran sajrone metode kualitatif diwatesi kaliyan hakikat fakta-fakta sosial. Tegese fakta sosial yaiku fakta kang dijabarake kaliyan subjek. Metodhe kualitatif menahi kawigaten marang data alamiah, data kang ana gegayutane kaliyan papan panggonane.

Sumber Dhata

Sumber dhata *sekunder* panliten iki yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud mligine *libido* seksualitas

kang digunakake kanggo ngonceki kahanan psikologise paraga utama. Sumber dhata *primer* kang digunakake sajrone panliten iki yaiku sawijining karya sastra Jawa modern kang arupa cerita sambung kanthi irah-irahan *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto. Cerbung kajupuk saka kalawarti *Panjabar Semangat*.

Dhata

Dhata kang diteliti ing panliten iki yaiku arupa dhialog antarane paraga, tembung-tembung, ukara, lan solah bawane paraga kang gegayutan kaliyan *libido* seksualitas sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto.

Instrumen Panliten

Ing panliten iki instrumen kang digunakake yaiku panliti dhewe. Panliti kudu nindakake panlitene dhewe kanthi cara maca babagan sastra supaya bisa nemokake problem kajiwan kang disandhang dening paraga utama sajrone cerbung *Kedlarung*. Dene piranti kang nyengkuyung sajrone panliten kayata laptop, buku cathetan, buku sumber dhata, buku ngenani teori-teori, lan pulpen

Tata Cara Panglumpuke Dhata

Teknik cara panglumpuke dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi metodhe dheskriptif analisis. Dene tata cara nglumpukake dhata kaya ing ngisor iki.

- 1) Teknik waca, teknik iki ditindakake kanthi maca sumber dhata tinulis kang gegayutan sajrone panliten
- 2) Teknik cathet, teknik iki ditindakake kanthi nyatheti peranan kang wigati sajrone sumber dhata.
- 3) Nglompokake dhata, tahap kang ditindakake sajrone nglompokake dhata yaiku dhata-dhata kang wis dicathet dikelompokake miturut ancane panliten.

Tata Cara Pangolahe Dhata

Cara pangolahe dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi cara methode dheskriptif analisis. Cara kerjane saka metodhe iki yaiku njlentrehake dhata-dhata kang ana gegeyutan kaliyan panliten banjur menehi gambaran saka kang wis dijlentrehake. Dene teknik analisis dhata kang digunakake yaiku tintingan psikologi sastra.

- 1) Analisis dhata
Nganalisis dhata pokok arupa cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto slaras karo underan panliten
- 2) Dheskripsi asil analisis dhata
Saka asile analisi, banjur didheskripsikake kanthi njlimet lan runtut adhedhasar underane panliten lan nggunakake teori-teori kang sadurunge wis dijlentrehake.
- 3) Dudutan asil panliten

Saka dheskripsi analisis dhata, banjur kabeh ditarik didudud. Perangan dudutan iki minangka asil pungkasan saka proses panliten

Tata Cara Nulis Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten mujudake upaya panulis anggone nyuguhake asile panliten. Panliten iki kanthi sistematika kasusun kanthi limang bab yaiku :

- BAB I: Purwaka, kang isine yaiku bab lelandhesane panliten, undherane panliten, ancane panliten, paedhahe panliten, wewatesane panliten, lan wewatesane tetembungan.
- BAB II: Tintingan Kapustakan, kang isine yaiku bab panliten sadurunge kang saemper, sastra lan psikologi, teori psikoanalisis sigmund freud, struktur kapribaden, mekanisme pertahanan ego, libido seksualitas, lelandhesane teori.
- BAB III: Metodhe panliten, kang isine bab ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrumen panliten, tata cara panglumpuke dhata, tata cara pangolahe dhata, lan tata cara nulis asile panliten.
- BAB IV : Perangan saka asile panliten, kang isine andharan saka analisis asile panliten.
- BAB V: Panutup, kang isine bab dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Struktur Kapribaden sajrone Cerbung *Kedlarung*

Freud merang struktur kapribaden dadi telu yaiku *id*, *ego*, lan *super ego*. Telung peranan iki awel pambiyantu kanggo njabarake gambaran-gambaran mental miturut paedah lan tujuane. Sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki struktur kapribaden kang bakal dirembug yaiku struktur kapribaden paraga utama wanita. Struktur kapribaden paraga utama wanita bakal kajupuk saka pethikan dialog, tembung-tembung, ukara lan solah bawane paraga utama.

Id

Id minangka peranan kang paling dhasar saka kapribaden. *Id* lumaku ing tingkat ora sadar lan ora diatur karo pamikiran waktu, panggonan lan logika. *Id* nduweni sipat kang ora *realistik*, ora logis, lan amung nggolek kanikmatan. Titikane *id* liyane yaiku ora nduweni moralitas, amarga ora bisa mbedakake antarane apik lan ala. Kabeh energine amung digunakake kanggo satujawan, lan nggoleki kanikmatan kanthi ora nggatekake apik lan ala. Perangan struktur karibadhen mligine *id* uga bisa dideleng sajrone cerbung anggitane Ismoe Riyanto kasebut. Wujud struktur kapribadhen kasebut katuduhake dening paraga Dias. Tuladhane nalika Dias kepengin nduweni barang kang luwih saka tilpun tangan. Mula bocah wadon iki nggawe siasat supaya priya kang aran Mardio ora ucul saka genggemane. Siasat kuwi ngladeni ora anggeh weweh, nanging kudu pinter lelewa. Siasat iki mujudake hasrat

seksual sajrone dhirine. *Libido* seksual iki dibarengi kaliyan pepinginane antuk barang kang luwih.

Ego

Ego yaiku aku utawa dhiri kang tuwuh saka *id* lan dadi punjer saka indhividu anggone komunikasi kaliyan donya njaba. *Ego* tuwuh amarga anane kabutuhan-kabutuhan organisme kang slaras kaliyan kabutuhan objektif. Pambédane *id* kaliyan *ego* yaiku *id* amung mangerteni kasunyatan subjektif-jiwa, *ego* mbedakake prakara kang ana ing batin lan donya njaba. Perangan struktur karibadhen mligine *ego* uga bisa dideleng sajrone cerbung anggitane Ismoe Riyanto kasebut. Wujud struktur kapribadhen kasebut katuduhake dening paraga Dias. Pepinginan kang ana sajrone dhirine, bisa kasembadan lan diwujudake kanthi nyata. Tuladhane nalika Dias kerja ing toko kaset Aneka Irama. Waktu kanggo ngaso lumayan suwe, yen dheweke mulih jarak omah karo papan kerjane adoh. Mula dheweke kepengin ngaso ing papan kunu. Kabeneran priya kang aran Om Wie sing nduweni toko kaset kasebut nawari dheweke supaya ngaso ing kunu. Mula batine bungah, pepinginane kasebut kasembadan. Nanging ana tujuwan liya sajrone dhirine Om Wie. Tujuwan kasebut ora liya yaiku muasake nepsu seksuale. Bisa didudu yen Dias bisa nyembadani *id* sajrone dhirine uga anane *libido* sajrone dhirine Om Wie.

Super Ego

Super ego yaiku bageyan moral utawa etis saka kapribaden. *Super ego* minangka wujud internal saka nilai-nilai lan cita-cita tradisional bebrayan. *Super ego* mujudake prakara kang ideal, merjuangake kasampurnan lan ora amung nggolek kanikmatan. Tujuwan utama yaiku mutusake babagan tartamtu kalebu babagan kang becik utawa ala, lan slaras kaliyan norma-norma kang ana ing bebrayan. Perangan struktur karibadhen mligine *Super ego* uga bisa dideleng sajrone cerbung anggitane Ismoe Riyanto kasebut. Wujud struktur kapribadhen kasebut katuduhake dening paraga Dias. Tuladhane yaiku nalika Dias dielingake marang tumindhake kang ora bener. Kadadéyane nalika Dias mbobot lan ditinggal mlayu karo priya kang aran Hilman. Bocah wadon iki sadhar yen tumindakke nggegirisi lan ngisin-ngisini. Tumindhake bocah wadon iki amung mburu nepsu seksuale, banjur kena akibate. Mula bocah wadon iki sadhar, yen tumindhake kasebut ora bener.

Panyebab anane Libido Seksual sajrone Cerbung Kedlarung

Sajrone cerita sambung *Kedlarung* iki *libido* seksual kang ana ing dhirine Dias bisa tuwuh anane saperangan panyebab. Panyebab kang njalari ora amung saka dhirine, nanging uga ana faktor liyane. Kayata wong tuwa kang ora wigati lan kena godha priya

Wong Tuwa kang Ora Wigati

Wong tuwa minangka wong kang utama ing kauripan nduweni peran kang wigati tumrap dhiri kita. Mujudake guru kang utama ing donya. Tumindakke lan

pocapane dadi piwulangan tumrap kita. Kabeh iku uga disengkuyung anane sipat kang wigati. Wong tuwa kang ora wigati marang putrane, bisa ndadekake putrane ora nduweni tata trapsila.

Sajrone cerita sambung *Kedlarung* iki slaras kaliyan kanyatan. Wong tuwa paraga utama wanita Dias ora nduweni wigati marang putrane. Ndadekake tumindak Dias metu saka tata trapsila. Tuladha kang nuduhake wong tuwa Dias ora wigati marang dheweke yaiku nalika Dias nggawa priya mara ing omah. Priya kasebut dudu bojo resmine Dias. Priya liya kang dikenal nalika numpak angkutan kutha. Priya kasebut kang aran Ripno. Tetepangan nalika lungguh pepet-pepetan. Lagi pisan kenal bocah wadon iki wis gelem diajak reruntungan wong loro macaki sajrone pertaman. Ora cukup samunu, sesuke isih dibaleni anggone sapetemon. Malah bocah wadon iki wani nggawa Ripno ing omahe. Ing omahe Dias, priya iki ora nduwene suba sita. Wong loro iki padha nguja hardining asmara kamangka ana Elok Rembulan ibune Dias. Elok Rembulan milih micek lan mbudeg. Mujudake yen ora ana wigati minangka wong tuwa. Anake nindakake tumindhak letheke njejembe ora diperdulikake. Ora ana wigati saka wong tuwa, nepsu seksual sajrone dhirine Dias tansaya ngrembaka.

Kena Godha Priya

Wujud nggodha ana maneka warna. Nggodha kang becik lan ala. Ora kabeh nggodha iku mujudake babagan kang ala. Nggodha kang ana ing kanyatan pranyata uga ditemokake sajrone cerita sambung kang nduweni irah-irahan *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto. Nggodha ing cerbung iki kalebu nggodha kang ala. Paraga utama Dias kena godha priya kanggo nindakake babagan kang ora bener, metu saka tata trapsila. Tuladhane nalika Dias mulih saka papan kerjane. Wektu kuwi mendhung peteng mertandakake arep udan. Ana pawongan lanang kang njarwani dheweke, kaca sedhan dibuka lan nawari mulih bareng. Tanpa dipikir kanthi jeru, bocah wadon kang aran Dias iki jranthal mlebu sedhan kasebut. Ora cukup samunu, sesuke priya iki tansaya wani ngajak Dias dolan. Pranyata ana tujuwan liya, yaiku muasake nepsu seksual ing dhirine. Semana uga Dias, anane ajakan kasebut *libido* ing dhirine tuwuh lan gelem ngladeni priya kasebut.

Wujud Libido Seksual sajrone Cerbung Kedlarung

Libido yaiku wujud energi psikis kang diwujudake kaliyan insting, uga nyengkuyung anggone nindakake tumindak lan pamikiran kang nyenengake. Insting seks (*libido*) kaperang dadi loro yaiku *libido* ego lan *libido* objek.

Libido Ego

Libido yaiku stimulasi umum kang nyenengake lan ora winates marang kanikmatan genital utawa seksual. Sumber asli *libido* tetep munjer marang ego lan bisa dijabarake sajrone narsisme psikosis. Mula energi ego lan insting seksual ora bisa kapisah. Saka andharan kasebut bisa didudud, *libido* ego yaiku anane pepinginan (*id*) kang gegayutan kaliyan seksualitas banjur

diwujudake sajrone tumindak (*ego*). *Libido* ego ora perduli marang objek kang dadi pelampiasan, amung nuruti pepinginan sajrone dhirine. Sajrone cerbung *Kedlarung* iki wujud *libido* ego bisa ditemokake sajrone dhiri para paraga.

Tuladha sajrone dhirine Dias yaiku nalika dheweke dibonceng sepedha mtoro karo Hilman. Bocah wadon ngetapel anggone ngrungket bangkeke Hilman. Nalika wis tekan gang omahe, isih bisa adu lambe. Tumindhake Dias iki mujudake anane *libido* ing dhirine. Kabukti anggone dheweke ngrungket lan adu lambe ing dalan ora maelu papan panggonan. Sing diburu amung nepsu sajrone dhirine. Mujudake *libido* ego yaiku ora merdulikake kahanan sakiwa tengene.

Tuladha liya yaiku nalika adu arep karo priya kang aran Triaji. Bisa tetepangan karo priya kang aran Triaji nalika kerja ing toko kaset Aneka Irama. Priya iki kerja ing koperasi serba ada bageyan pengadaan lan pemasaran barang. Wayah dolah bareng, priya iki nyewa kamar sewan ing pemandian Tirta Suam. Dias kang wis kulina saba kamar sewan ora rumangsa rikuh pakewuh. Sajrone kamar sewan, bocah wadon iki sajak ora sranta anggone nguja hardining asmara. Nuduhake anane *libido* ego sajrone dhirine Dias. *Libido* kuwi mau diwujudake karo tumindak Dias. Dijlentrehake yen Dias ora sranta anggone miwiti gawe. Saliyane kuwi bocah wadon iki sing miwiti gawe, nuntun Triaji, lan diugung nganti lempe-lempe. Nuruti nepsu tanpa maelu kahanan lan objek. Objek ing kene yaiku Triaji. Kamangka priya iki wis nduweni bojo, sok kaya mangkunu Dias ora rumangsani salah. Malah tansaya nggladrah. Sing diburu Dias amung kesenangan lan kanikmatan.

Libido Objek

Freud ngandharake babagan kang anyar sajrone teorine ngenani insting. Tahap-tahap kauripan wiwitan ana sajrone energi *libido* ego kang ngasilake kahanan narsisme primer. Saka sumber asli *libido* ego primer mula bisa munculake anane *libido* objek. Kaya mangkunu, energi insting ego lan insting seksual ora bisa kapisah, muncul saka sumber kang padha yaiku ing wiwitan sakabehing energi insting. Saka andharan kasebut bisa didudud *libido* objek bisa muncul anane *libido* ego. Objek ing kene yaiku samubarang kang didadekake sasaran minangka pelampiasan. Sajrone cerbung *Kedlarung* iki wujud *libido* objek bisa ditemokake sajrone dhiri para paraga.

Tuladha *libido* objek kang ana sajrone dhirine Dias kaya nalika dheweke dirangkul lan dikekep karo priya kang aran Mardio. Bocah wadon iki ora bisa nolak tumindhake Mardio marang dheweke. Nuduhake anane *libido* objek sajrone dhirine Dias. Hasrat seksual sajrone dhirine Dias bisa ana amarga anane nepsu saka Mardio. Priya iki kang miwiti gawe, yaiku kanthi ngrangkul punhdak lan ngekeb bangkeke Dias. Tumindake Mardio kaya mangkunu nuwuhake nepsu sajrone dhirine Dias. Anggone lungguh saya ngangse nyedhak, siraha sumendhe aleman. Tumindak Dias kaya mangkunu jalaran kang miwiti gawe Mardio. Priya iki kang mancing nepsune Dias. Anggone mancing kasil, banjur bocah wadon iki banjur wani mbales malah ngajangi amba.

Mekanisme Pertahanan Ego

Mekanisme pertahanan yaiku karakteristik kang kuat sajrone dhiri saben manungsa. Miturut Freud (sajrone Minderop, 2103:32) kepinginan-kepinginan kang ora salaras kaliyan struktur kapribaden ngasilake *anxitas*. Santrock (sajrone Minderop, 2013:32), *anxitas* tansah waspada tumrap *ego* kanggo ngadepi konflik lumantar mekanisme pertahanan *ego*. Mekanisme pertahanan *ego* iki menehi pangayoman *ego* kanthi ngurangi *anxitas* kang diproduksi kaliyan konflik kasebut. Sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki mekanisme pertahanan *ego* kang bakal dirembug ana patang perangan yaiku *represi*, *reaksi formasi*, *fantasi* lan *stereotype*.

Represi

Tugas *represi* yaiku nyurung metu impuls-impuls *id* kang ora ditampa saka alam sadhar lan mbalik menyang alam bawah sadhar. *Represi* minangka upaya kanggo ngindari rasa *anxitas*. Akibat anane *represi*, mula saben manungsa ora sadhar anane impuls kang nyebabake *anxitas* uga ora bisa eling marang rasa murka lan trauma kang wis kepungkur. Pertahanan mekanisme pertahanan *ego* mligine *represi* uga bisa dideleng sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto kasebut. Mekanisme pertahanan *represi* iki dituduhake karo paraga utama wanita kang aran Dias. Bocah wadon iki mbaleni kadadeyan kang wis kepungkur, ora eling marang akibate. Tuladhane yaiku waktu isih SMA, bocah wadon iki tau nggugurake kandhutane amarga ngandhut sadurunge nikah, kaya mangkunu ora didadekake piwulangan tumrap dheweke. Bocah wadon iki baleni kadadeyan sing wis kapungkur. Iki mujudake anane mekanisme pertahanan *represi* sajrone dhirine. Mekanisme pertahanan iki uga ana gegayutan kaliyan *libido* seksual sajrone dhirine Dias. Kabukti dheweke mbaleni nindakake tumindhak kang lethege lan njejembari karo priya liya nganti ngandhut.

Reaksi Formasi

Reaksi Formasi sawijining wujud pertahanan tumrap impuls kang ganggu kanthi aktif nuduhake impuls kang beda. *Reaksi Formasi* bisa nyegah indhividu supaya ora nindakake kang bisa ngasilake *anxitas* lan anane sikap antisosial. Kayata wong bisa dadi syuhada fanatik nglawan kadurjanan amarga anane rasa ing alam sadar kang gegayutan kaliyan dosa. Pertahanan mekanisme pertahanan *ego* mligine *reaksi formasi* uga bisa dideleng sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto kasebut. Tuladhane nalika Dias mulih saka papan kerjane, dheweke krungu ana priya kang njarwani. Priya kasebut ngajak Dias mulih bareng-bareng. Amarga rasa khawatir sajrone dhirine, mula dheweke ora nggatekake swara priya kasebut. Bocah wadon iki banjur nutukake lakune. Pranyata bener, apa sing dikawatirake dening Dias. Ana tujuwan liya sajrone dhirine priya kasebut. Tujuwan kuwi ora liya yaiku muasake nepsu seksual kang ana sajrone dhirine.

Fantasi lan Stereotype

Nalika ngadepi sawijining prakara, kadang kala kita nggolek titik terang kanthi mbayangake babagan kang ora realitas lan kalebu fantasi. Kayadene wong luwe banjur mbayangake maneka panganan kang enak-enak. *Stereotype* yaiku konsekuensi saka anane frustrasi. Tumindak kang diulang kanthi terus-terusan. Sawijining individu ngulangi tumindak kang ora nduweni piguna lan bisa dikira aneh. Pertahanan mekanisme pertahanan *ego* mligine *fantasi lan stereotype* uga bisa dideleng sajrone cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto kasebut. Mekanisme pertahanan *fantasi lan stereotype* iki dituduhake karo paraga utama wanita kang aran Dias. Tuladhane nalika dheweke tetepangan karo priya kang aran Sandra. Priya iki ora dimangerteni asal-usule. Nalika lagi dolan bebarengan, priya kang aran Sandra antuk orderan kain batik. Bocah wadon iki wiwit mbayangake bati kang bakal ditampa dening Sandra. Mbayangake babagan kang durung pasti. Saliyane kuwi, anane dheweke mbayangake bati kang bakal ditampa dheweke gelem ngladeni nepsune priya kang aran Sandra.

Akibat anane Libido Seksual sajrone Cerbung Kedlarung

Sajroning kauripan saben njupuk kaputusan utawa nindakake samubarang tartamtu mesthi ana akibate. Akibat kuwi ana kang positif uga negatif. Semana uga sajrone cerbung *Kedlarung* iki. Anane libido seksual sajrone dhiri para paraga nuwuhake akibat-akibat. Akibat kang dituwuhake ing kene kalebu akibat negatif, kayata tumindak sedheng, ngapusi, dadi kembang lambe, nggugurake kandhutan, lan tindak dagsiya sajrone bale wisma.

Tumindak Sedheng

Palakrama yaiku kadadeyan sapa-sapa priya lan wanita ditemokake kanthi formal ing ngarep penghulu lan para saksi. Palakrama kanthi resmi mujudake priya lan wanita padha nduweni siji lan sijine kanthi rasa tresna ora mblenjani janji. Saben pasangan mesthi kepengin bale wismane bisa lumaku kanthi lancar ora ana alangan, nanging kanthi lumakune wektu mesthi ana alangan kang nguji kasetyan. Salah sawijine alangan yaiku tumindak sedheng. Tumindak kasebut bisa kadadeyan akibat rasa kuciwa utawa ora puas anggone nuruti kekarapan.

Tumindak kasebut kalebu tumindak ala amarga bisa ngrugekake liyan uga awake dhewe. Selingkuh uga kalebu cidra amarga nyidrani atine sisihane kanthi cara khianat amarga nyedhaki wong wadon utawa lanangan liya masiya wus nduwe bojo. Tumindak kasebut ora dibenerake marang agama uga kalebu tumindak nistha. Bisa diarani kaya mangkono amarga sesambungane karo wong wadon utawa lanangan liya yen dudu bojone utawa durung sah padha karo maksiat lan hukume harom.

Tuladhane tumindak sedheng sajrone cerbung *Kedlarung* ditindakake dening paraga Dias. Bocah wadon iki wis wani tumindak sedheng karo priya kang aran Mardio. Nalika Dias lagi mulih saka papan penggaweyane, yaiku ing pusat blanja “Amek Dhewe”. Kahanan wektu iku lagi grimis lan arep udan. Nalika

dheweke arep mulih katekan dening pawonga lanang kang ana ing jero sedhan. Pawongan kasebut nawari Dias supaya mlebu mobile lan diterake mulih. Wiwit iku Dias diajak menyang toko tilpun tangan lan ditukokake dening wong lanang kang durung suwe dikenal kasebut. Sawise ditukokake Dias diajak menyang penginepan. Sejatine dheweke wus mangerteni apa kang ana ing pikirane Mardio. Kadadeyan iki ndhuwur nuduhake yen Dias wus selingkuh karo Mardio. Bisa di arani kaya mangkono amarga dheweke wani dijak piya liya kanggo nginep ing penginepan. Kamangka dheweke wus nduwe sisihan. Nanging Dias ora perduli lan wedi menawa mengko bakal diweruhi dening bojone.

Ngapusi

Ngapusi yaiku ngandharake samubarang tartamtu kang ora bener utawa nuduhake samubarang tartamtu kang ora slaras kaliyan fakta. Tumindak ngapusi bisa ditindakake kanthi sengaja utawa ora sengaja. Akeh panliten kang nuduhake yen tumindak ngapusi dadi babagan kang biyasa ditindakake saben dina. Miturut Vriji (2001), individu nindakake tumindak ngapusi ana saperangan alesan. Alesan iku antarane 1) tumindak ngapusi digunakake kanggo antuk kesan positif tumrap liyan, 2) individu nindakake tumindak ngapusi kanggo antuk kauntungan, 3) tumindak ngapusi digunakake supaya panutur bisa dinilai luwih becik kaliyan mitra tutur, 4) tumindak ngapusi digunakake kanggo awel pangayoman marang liyan, 5) tumindak ngapusi digunakake kanggo tujuwan njaga paseduluran. Babagan ngapusi uga asring dilebokake sajrone karya sastra, supaya luwih gayeng lan muyeg alur critane. Kayadene sajrone cerita sambung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki uga akeh ditemokake babagan ngapusi kang ditindakake dening paraga utama wanita.

Tuladhane nalika Dias tetepungan kaliyan priya liya kang aran Mardio. Dias kang nguda rasa marang Mardio ajrih yen Mardio tumindak kaya bojone. Dias njlentrehake yen lagi omah-omahan seminggu wis ucul, bojone ora mulih. Ora ana tanggung jawab lan dheweke ngrasa amung digawe dolanan. Mujudake anane unsur tumindak ngapusi. Tumindak ngapusi kang ditindakake Dias supaya antuk kawigatene mitra tutur yaiku Mardio. Ukara kawitan kang diandharake dening Dias yen omah-omah seminggu ucul, ora slaras kaliyan kanyatan. Kanyatan kang ana, bale wisma Dias lan Hutapea isih rumaket apik. Ateges Dias isih nduwe bojo. Ukara omah-omah seminggu ucul iki uga miwiti Dias nindakake tumindak ngapusi, supaya antuk kawigaten kang luwih saka Mardio. Saliyane tumindak ngapusi iki ana gegayutane kaliyan *libido* sajrone dhirine Dias uga dhirine Mardio. Bocah wadon iki gelem ngladeni Mardio lan isih wani ngapusi, amprih hasrate kawujud.

Dadi Kembang Lambe

Minangka manungsa, wanita sawijining *substansi* utawa *kemandhirian*. Mula saben wanita kudu merjuangake lan mbangun *realitas* kauripane kanggo ngrembakake kapribadhene. Minangka *substansi*, wanita nduweni sipat kang dinamis. Maneka warna

wujud saka tingkah lakune, lan kapribadhe gampang owah. Kanthi psikologis, *substansi* wanita bisa ditegesi minangka manungsa kang nduweni pendhirian lan pilihan adhedhasar kabutuhan. Kanthi etis, *substansi* wanita yaiku wanita kang nduweni bakat kanggo ngrembaka lan mbangun dhirine, adhedhasar pola pilihan pribadhi, kang nuju marang kauripan kang luwih becik lan dhuwur. Wanita uga wujud pribadhi kang mbutuhake liyan. Amarga anane liyan, bisa aweh pangaji lan makna tumrap kita. Wanita kang metu saka pranyatan kasebut, mentingake dhiri pribadhi lan ora mikirake liyan, bisa dadi kembang lambe kanggo tangga sakiwa tengene.

Kembang lambe yaiku ngomongake eleke liyan. Babagan kang ora etis lan metu saka moral kang becik. Kayadene sajrone cerita sambung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki uga ditemoke kang kalebu kembang lambe. Tuladhane nalika Dias dipehaka kaliyan kepala urusan pegawe yaiku boso papan panggonane kerja. Dias kang kaget dipehaka kanthi ndadak, banjur sumendhe nglokro kaya ora nduwe daya. Nalika arep jumangkah, tansah ndingkluk. Kaya wong kisinin wis nindakake babagan kang ora samesthine. Dias ngerasa kanca sakerjane padha jegigis ngece, apa wis kang ditindakake. Nuduhake anane kembang lambe kang ditujukake marang Dias. Dias dituding minangka wong wadon reged, bejat lan ora pantes dadi karyawan toko. Pranyatan iki kalebu kembang lambe. Wong wadon reged tegese Dias wis ngowah-owahi kodrate minangka wong wadon. Dias wis nindakake babagan kang ora pantes, metu saka moral kang becik. Saliyane dituding wong wadon reged, Dias uga dituding minangka wong wadon kang bejat lan ora pantes dadi karyawan toko. Panthese karyawan toko yaiku ramah tamah, lan bisa ngajeni liyan. Nanging apa kang ditindakake dening Dias ora bisa ngajeni liyan. Wanita kang wis bebojoan lan isih gelem ngladeni wong lanang liya, tegese ora bisa ngajeni bojone. Wujud dheweke isih gelem ngladeni priya liya nuduhake anane nepsu seksual kang gedhe sajrone dhirine. Dadi anane dheweke dadi kembang lambe uga amarga nepsu ing dhirine.

Nggugurake Kandhutan

Akeh wanita ing jaman modern saiki gampang anggone diajak tumindak kang ngliwati wates kayata seks bebas. Wanita kang ora bisa nolak ajakan kaya mangkunu amarga ana saperangan prakara, kayata 1) Ora bisa ngontrol nafsune, 2) Kagawa sipat bocahe, 3) Ora bisa nahan awake kanggo nampa kanikmaktan-kanikmatan seks, 4) Seks bebas bisa jalaran saka anane motif *narsisme ekstrim*, lan bisa ngrembaka dadi nafsu kang ora ngenal rasa puas bisa diarani hiperseks, 5) Seks bebas uga bisa jalaran kepengin mberontak marang wong tuwa. Akibat saka seks bebas yaiku mbobot sadurunge nikah resmi. Kanggo nutupi rasa isine, banjur akeh sing padha nggugurake kandhutane. Sajrone dunia medis kaaran *aborsi*. Tumindak nggugurake kandhutan iki bisa dideleng sajrone cerbung anggitane Ismoe Rianto kasebut. Tumindak kasebut katuduhake dening paraga Dias. Dias yaiku kalebu paraga utama wanita kang nggugurake kandhutane tanpa ngrasa yen dheweke salah. Tuladhane nalika sawise rong wulan dhayoh wulanane durung teka.

Kamangka Dias isih kelas telu Sekolah Menengah Kejuruan, umure durung genep wolulas taun. Anggone lelakon peteng kaliyan Hilman, nganti dheweke mbobot sadurunge nikah resmi. Hilman yaiku sopir pocokan, kang saben dinane isih golek-golek cekelan. Nalika disambati kaliyan Dias, Hilman ngererimuk yen arep tanggung jawab. Nanging kabeh kuwi amung abang-abang lambe.

Kahanan kaya mangkunu, ndadekake Dias nekad kanggo nggugurake kandhutane. Dheweke mara menyang dhukun bayi tanpa diweruhi kaliyan ibune Elok Rembulan. Wektu nggugurake kandhutane, Dias kentekan tenaga, gumlethak tanpa daya. Nggugurake kandhutan iki uga akibat anane nepsu seksual sajrone dhirine Dias lan Hilman. Tanpa mikirake akibate, bocah wadon iki mburu nepsune.

Tindak Dagsiya sajrone Bale Wisma

Prakara-prakara ora bisa ucul sajrone bale wisma. Prakara iki kayata beda pamikiran, ekonomi, rasa cubriya, lan sapiturute. Anane prakara kasebut bisa nuwuhake tindak dagsiya. Tindak dagsiya sajrone bale wisma yaiku tumindak kang ora trep sajrone tata trapsila kang ditujokake marang pawongan mligine wong wadon. Tumindak kasebut bisa nuwuhake lara kanthi fisik, psikologis, seksual, utawa nelantarake bale wisma.

Tindak dagsiya sajrone bale wisma iki bisa dideleng sajrone cerbung anggitane Ismoe Rianto kasebut. Tumindak kasebut katuduhake dening paraga Hutapea marang Dias. Hutapea yaiku bojo resmine paraga utama wanita kang aran Dias. Tindak dagsiya kang ditindakake dening Hutapea iki nglarani kanthi fisik.

Tuladhane nalika Dias lagi mulih saka papan kerjane banjur ngeblas menyang jedhing. Panganggone dilukar, gebyar-gebyur adus. Nalika Hutapea takon, bocah wadon iki ora krungu amarga bantere grumojoge banyu udan. Kanthi ora sranta, bocah wadon iki dicandhak diseret. Rambute dijambak, malah isih dijorogake nganti bathuke kebenthus lingiran meja. Tumindake Hutapea kasebut kalebu tindak dagsiya kanthi fisik. Nglarani Dias minangka bojo resmine. Ora tanpa mikir dawa, nepsu murka sajrone dhirine diuntapake marang Dias. Tumindake priya iki uga ana sebab akibate. Priya ora bakal nindakake kaya mangkunu yen ora ana sebabe. Sebab kang njalari Hutapea tumindak kaya mangkunu amarga tumindake Dias kang nggegirisi. Bocah wadon kang wis nduwe bojo nanging isih gelem ngladeni priya liya, banjur konangan dening Hutapea. Gelem ngladeni priya liya bisa jalaran anane nepsu seksual, saka dhirine priya kasebut utawa sajrone dhirine Dias dhewe. Mula ora mokal yen Hutapea wani tindak dagsiya marang Dias.

PANUTUP

Dudutan

Dudutan kang bisa dipethik saka asile panliten ing cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto kanthi tintingan psikoanalisis Sigmund Freud kaperang dadi papat. Asile panliten kasebut cundhuk karo underane panliten.

Asile panliten ngenani gegambaran struktur kapribadhe para Dias pranyata luwih nengenake *id*. Dheweke isih saithik nengenake babagan *ego* lan *super ego*. Prakara iku disebabake dening dhirine Dias dhewe. Wiwit jaman Sekolah Menengah Kejuruan, tata trapsila kang diduweni Dias wis owah nalika tetepungan karo priya kang aran Hilman.

Panyebab anane *libido* ing paraga Dias ana rong peranan yaiku wong tuwa kang ora wigati lan kena godha priya liya. Bocah wadon iki kurang digatekake kaliyan wong tuwane wiwit jaman SMA. Saliyane kuwi gampang kena godha. Nuwuhake *libido* ing dhirine tansaya ngrembaka.

Wujud *libido* seksual diperang dadi loro yaiku *libido ego* lan *libido* objek. Paraga Dias ing kene akeh nyandhang *libido* minangka objek. Hasrat seksual sajrone dhirine tuwuh jalaran anane *libido ego*. *Libido ego* ing kene disandhang dening priya-priya kang tumindhak sedheng karo Dias. Anane nepsu seksual ing dhirine priya kasebut, ndadekake *libido* ing dhirine Dias tansaya ngrembaka.

Saka mekanisme pertahanan *ego* kang cacahé sanga, ana telu kang dilakoni dening paraga Dias. Bocah wadon iki nduweni mekanisme pertahanan *ego represi*, *formasi*, lan *fantasi* lan *stereotype*. Dene kang dhominan ing cerbung *Kedlarung* iki yaiku *fantasi* lan *stereotype*. Perkara iki bisa dimangerteni awit akehe pethikan kang ditemokake ing cerbung. Saka pethikan kuwi bisa dimangerteni yen Dias kerep mbayangake apa kang dadi pepenginanane. Mbayangake ora amung pisan pindo, nanging kerep dibaleni. Malah diumbar ing tangga sakiwa tengene, kamangka tumrap tanggane ora ndadekake paedah tumrap dhirine.

Akibat anane *libido* seksual ana lima peranan yaiku tumindak sedheng, ngapusi, dadi kembang lambe, nggugurake kandhutan lan tindak dagsiya sajrone bale wisma. Kabeh kuwi akeh disandhang dening paraga Dias. Anane nepsu seksual, bocah wadon iki gelem ngladeni priya liya kamangka wis nduweni bojo. Mujudake yen Dias wis tumindak sedheng. Kanggo nutupi wewadine bocah wadon iki wani ngapusi bojone lan wong-wong sakiwa tengen supaya ora kawiyak wadine. Anane nepsu seksual kang gedhe sajrone dhiri Dias uga paraga priya liya kang nyengkuyung, ndadekake Dias mbobot. Kanggo nutupi kandhutane, bocah wadon iki kepengin nggugurake kandhutane. Kabeh tumindake kawiyak dening bojone kang aran Hutapea, banjur dheweke disiksa. Mujudake anane tindak dagsiya sajrone bale wisma.

Pamrayoga

Panliten tumrap cerbung *Kedlarung* anggitane Ismoe Rianto iki mujudake jangkah kapisan kang isih bisa diteliti maneh. Bab kang kaandhar nggunakake tintingan psikologi sastra. Mula isih akeh tintingan liya kang bisa digunakake kanggo nлити. Tintingan sabanjure diajab bisa ngoceki cerbung *Kedlarung* kanthi luwih jero.

Ing cerbung *Kedlarung* akeh ngrembug paraga Dias, nanging uga ora ucul saka paraga-paraga liyane kang tansah nyengkuyung. Kayata Dias nyandhang *libido* objek, uga ora ucul saka paraga liya kang nduweni *libido*

ego. Babagan kang ana ing cerbung *Kedlarung* iki akeh ngenani seksualitas lan uga maneka warna akibat kang dituwuhake. Mangerteni akibate ora ndadekake sadhar yen tumindake kuwi ora bener, malah tansaya nggladrah. Ora mangerteni tata trapsila, ora bisa ngajeni wong liya lan ora mangerteni kahana wong liya. Kabeh mujudake yen ora mangerteni carane urip ing bebrayan.

Panliten iki muga bisa nuwuhake gregete para pamaos supaya ora niru tumindake Dias mligine babagan seksualitas. Bisa didadekake tuladha ngenani tumindak kang becik lan ala, sahingga bias urip ayem tentrem ing bebrayan. Saliyane iku bisa nambah kawruh mligine ngenani seksualitas lan akibate. Panliten iki dikarepake bisa menèhi sumbang sih marang *khasanah* panliten sastra Jawa mligine kanthi tintingan psikologi sastra.

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2011. *Psikologi Kapribadian*. Malang : UMM Press.
- Endrasawara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra : Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta : CAPS (Center for Academic Publishing Service).
- Horton, Paul B. 1993. *Sosiologi*. Jakarta : Penerbit Erlangga.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusasteraan Jawa Modern*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Kartono, Kartini. 2006. *Psikologi Wanita 1*. Bandung : Penerbit Mandar Maju.
- Kennedy, Roger. 2003. *Libido*. Jogjakarta : Pohon Sukma.
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta : Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Moleong, Lexy J. 2014. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : Remaja Rosada Karya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- OFM, Yustinus Semiun. 2006. *Teori Kepribadian & Terapi Psikoanalitik Freud*. Yogyakarta : Penerbit Kanisius (Anggota IKAPI).
- Ras, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta : Penerbit PT Grafotipers.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Rianto, Ismoe. 2016. *Kedlarung*. Surabaya : Panjebar Semangat.
- Sarwono, Sarlito Wirawan. 2007. *Psikologi Remaja*. Jakarta : PT RajaGrafindo Persada.
- Schultz, Duane P. 2016. *Teori Kepribadian*. Jakarta : Penerbit Buku Kedokteran EGC.
- Sitanggang, S.R.H dkk. 2002. *Unsur Erotisme dalam Novel Indonesia 1960-1970-an*. Jakarta : Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Suryabrata, Sumadi. 2013. *Psikologi Kapribadian*. Jakarta : PT Raja Grafindo Persada.
- Wellek, Rene dan Agustin Werren. 1995. *Teori Kasusastran*. Jakarta : Gramedia